

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Biantara kaasup kana salasahiji kaparigelan basa, nyaéta kaparigelan nyarita. Nurutkeun Sudaryat & Hadiansyah (2017, kc. 6), biantara nyaéta kagiatan nepikeun, nyarita, méré pamikiran jeung gagasan ngeunaan hiji hal atawa informasi anu penting di hareupeun jalma réa.

Pangajaran biantara aya dina Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan Muatan Lokal Kurikulum 2013 Révisi 2017 jenjang SMA/SMK/MA/MAK yén pangajaran biantara téh diajarkeun di kelas XI luyu jeung KD 4 anu eusina *mendemonstrasikan biantara dengan memperhatikan kesantunan dan penggunaan kaidah bahasa*. Maksud tina ngadémonstrasikeun biantara kalawan merhatikeun kasantunan téh nyaéta bisa ditilik tina kumaha cara pengucapanana (undak-usuk basa), pasemonna, réngkak jeung petana, sarta sikep ka pamiarsa nalika biantara. Tuluy, lamun penggunaan kaédah basa di dieu nyaéta ditilik tina cara pengucapan (pelafalan) sarta lentongna nalika biantara. Éta hal téh luyu jeung format penilaian anu diébréhkeun ku Kosasih (2010, kc. 120), di antarana aya: 1) ucapan (artikulasi, undak-usuk basa, sarta gancang jeung kendorna); 2) lentong (wirahma jeung randegan); 3) pasemon (éksprési); 4) réngkak jeung peta; sarta 5) sikep ka pamiarsa.

Sangkan éta kompeténsi bisa kahontal, tangtu waé siswa kudu bisa nyarita di hareupeun jalma réa atawa kudu bisa nepikeun biantara kalawan merhatikeun kasantunan jeung kumaha ngagunakeun kaédah basana. Pasualan anu karandapan di dieu ku siswa téh dina kaparigelan nyaritana, ku kituna ieu panalungtikan téh leuwih museur kana masalah nepikeun biantara kalawan bener.

Nalika kagiatan pangajaran lumangsung, guru miboga peran anu kawilang gedé. Guru mangrupa *ujung tombak* dina ngaronjatkeun kualitas atikan (Idzhar, 2016, kc. 221). Kanyataanna, loba kénéh bangbaluh anu karandapan di sakola, hususna dina pangajaran nyarita, biasana nalika guru ngajar téh masih kurang éfektif, guru loba anu kurang merhatikeun modél pangajaran anu dipakéna, nalika guru nepikeun matéri atawa nalika ngajar ogé loba kénéh anu *monoton*, siswa babari ngarasa bosen, tunduh, jeung teu ngarti kana naon anu geus dijelaskeun ku guru.

Éta hal anu bisa ngabalukarkeun siswa kurang fokus jeung mangaruhan kana kurangna kamampuh para siswa dina ngébréhkeun gagasan atawa nyarita di hareupeun jalma réa (Ninawati, Spk., 2022, kc. 894). Nurutkeun Widiani (2016, kc. 73), ku sabab kurangna pamahaman siswa ngeunaan biantara sarta kurang percaya dirina siwa nalika rék biantara, antukna loba siswa anu nganggap yén biantara téh hésé.

Salian éta, siswa di SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023 nalika nyarita atawa biantara ku basa Sunda loba anu kurang santun dina ngagunakeun basana, siswa ogé kurang merhatikeun atawa teu ngagunakeun kaéda basa anu benerna. Éta pasualan bisa dipangaruhan ku kurangna kamampuh atawa kurang biasana siswa dina ngagunakeun basa Sunda, komo deui siswa anu asalna ti luar Jawa Barat.

Sangkan prosés pangajaran teu *monoton* tapi bisa tetep ngahontal udagan pangajaranana, ogé sangkan bisa ngaronjatna kamampuh biantara siswa, aya sababaraha modél pangajaran anu bisa digunakeun dina pangajaran biantara, salasahijina nyaéta modél Artikulasi.

Udagan digunakeunna modél Artikulasi dina ieu panalungtikan nyaéta sangkan bisa apal yén cocog atawa aya pangaruh henteuna ieu modél dina pangajaran biantara. Modél Artikulasi mimiti diwanohkeun ku Young & Hawk taun 1938. Nurutkeun Istarani (2012, kc. 61), modél Artikulasi nyaéta kagiatan ngulang deui ma'na pangajaran anu ditepikeun guru ka siswa, ku éta siswana sorangan. Ieu modél hadé dipaké pikeun ngaronjatkeun daya inget jeung daya serap unggal siswa dina maham matéri anu ditepikeun ku guru. Nurutkeun Istarani (2012, kc. 61-62), aya tujuh léngkah dina modél Artikulasi

Nurutkeun Istarani (2012, kc. 62), kaonjoyan tina modél artikulasi di antarana:

- 1) bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina némbongkeun pasemon nalika éta siswa ngajelaskeun deui hal anu geus ditepikeun ku guru; 2) bisa ngaronjatkeun daya inget para siswa ngeunaan matéri anu geus ditepikeun; 3) sakabéh siswa ilubiung kalawan langsung dina prosés pangajaran; sarta 4) bisa nyalurkeun aspirasi siswa nalika nerangkeun deui matéri anu geus ditepikeun ku guruna. Lamun kahéngkéranana di antarana: 1) hésé dipantau ku guru ngeunaan naon waé anu dijelaskeun ku siswa ka siswa séjénna; 2) pangajaran kurang kondusif, sabab loba

siswa anu ngomong dina waktu anu sarua; jeung 3) kurang cocog keur siswa anu cicingeun.

Sacara émpiris, modél Artikulasi leuwih fokus kana gawé bareng (kelompok), lain individual. Ieu modél pangajaran dipilih lantaran miboga anggapan yén bisa ngabalukarkeun siswa jadi leuwih aktif tur mandiri nalika pangajaran di jero kelas keur lumangsung (Shoimin, 2017, kc. 27).

Alesan dipilihna SMA Negeri 15 Bandung pikeun ieu panalungtikan téh sabab kurikulum di ieu sakola jeung kurikulum anu dipaké dina ieu panalungtikan saluyu, nyaéta KIKD 2013 révisi 2017. Sedengkeun alesan dipilihna kelas XI MIPA 5 nyaéta dumasar kana hasil observasi langsung, ieu kelas téh kamampuh ngagunakeun basa Sundana kaasup kurang sarta kamampuh biantarana ogé kawilang kurang.

Panalungtikan ngeunaan modél pangajaran Artikulasi anu jadi tatapakan dina ieu panalungtikan téh geus kungsi dilaksanakeun saméméhna, di antarana aya panalungtikan anu ditulis ku Emi Suhaemi (2015), judulna nyaéta *Modél Pangajaran Artikulasi Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngaregepkeun Carpon: Studi Kuasi Ékspérímén ka Siswa Kelas X-TKJ SMK Kartika Candra XIX Bandung Taun Ajaran 2014/2015*. Cindekna tina panalungtikan anu dilaksanakeun ku Emi Suhaemi téh nyaéta modél Artikulasi bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun siswa kelas X-TKJ SMK Kartika Candra XIX Bandung taun ajar 2014/2015. Bisa ditilik tina data anu ngagambarkeun ngaronjatna kamampuh siswa dina ngaregepkeun carpon, yén anu tadina nalika *pre-test* ngan aya saurang siswa anu ngahontal peunteun leuwih ti 75, tuluy sanggeus *post-test* jumlah siswa anu ngahontal peunteun leuwih ti 75 ngaronjat 85% jadi 17 siswa.

Salian éta, aya ogé anu nalungtik ngeunaan pangajaran biantara anu ditulis ku: (1) Panca Putrawaskita Muchlis (2018), anu judulna *Modél Cooperative Script Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Biantara (Studi Kuasi Ékspérímén Siswa Kelas VIII D SMP Pasundan 2 Bandung Taun Ajaran 2017/2018)*. Cindekna tina ieu panalungtikan téh nyaéta modél *Cooperative Script* bisa ngaronjatkeun kamampuh biantara siswa kelas VIII D SMP Pasundan 2 Bandung taun ajaran 2017/2018. Bisa ditilik tina hasil *pre-test* anu asalna peunteun rata-ratana 66,55 ngaronjat nalika *post-test* jadi 81,21; (2) *Modél Pangajaran Group Investigation Dina Pangajaran*

Nulis Téks Biantara (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX A SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajaran 2017/2018), anu ditulis ku Yeni Surahmantika (2018). Cindekna tina ieu panalungtikan téh nyaéta modél *Group Investigation* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018. Bisa ditilik tina hasil *pre-test* anu asalna peunteun rata-ratana 62,96 (can mampuh) ngaronjat nalika *post-test* jadi 80,86 (mampuh); jeung (3) *Modél Pangajaran Explicit Instruction pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Biantara (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX-D di SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajar 2021/2022)*, anu ditulis ku Salza Nabila Ababil (2022). Cindekna tina ieu panalungtikan téh nyaéta modél *Explicit Instruction* bisa ngaronjatkeun kamampuh biantara siswa kelas IX-D di SMP Negeri 29 Bandung taun ajar 2021/2022. Bisa ditilik tina hasil *pre-test* anu asalna peunteun rata-ratana 59,06 ngaronjat nalika *post-test* jadi 83,74. Aspék-aspék anu ngaronjat nyaéta tina aspék ucapan, aspék lentong, aspék pasemon, aspék réngkak jeung peta, sarta aspék sikep ka pamarsa.

Sasaruaan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu geus dilaksanakeun saméméhna nyaéta sarua nalungtik ngeunaan modél Artikulasi, tapi bédha dina matéri pangajaran jeung sumber data anu diulikna. Tuluy aya ogé anu sarua nalungtik ngeunaan pangajaran biantara, tapi bédana jeung ieu panalungtikan nyaéta dina modél pangajaran jeung sumber data anu diulikna.

Nurutkeun Suhaemi (2015), modél Artikulasi cocogna digunakeun dina pangajaran carpon, sabab sanggeus digunakeunna éta modél, kamampuh ngaregepkeun siswa kelas X-TKJ SMK Kartika Candra XIX Bandung taun ajar 2014/2015 jadi ngaronjat. Sedengkeun nurutkeun Ninawati, Spk. (2022), modél Artikulasi cocogna digunakeun dina pangajaran nyarita, sabab sanggeus digunakeunna éta modél, kamampuh nyarita siswa kelas rendah di SDN Batu Ampar 10 Pagi Jakarta Timur téh jadi ngaronjat.

Tuluy, nurutkeun Muchlis (2018), modél pangajaran anu cocog digunakeun dina pangajaran biantara nyaéta modél *Cooperative Script*, sabab sanggeus digunakeunna éta modél, kamampuh biantara siswa kelas VIII D SMP Pasundan 2 Bandung taun ajaran 2017/2018 jadi ngaronjat. Sedengkeun nurutkeun Ababil (2022), modél pangajaran anu cocog digunakeun dina pangajaran biantara nyaéta

modél *Explicit Instruction*, sabab sanggeus digunakeunna éta modél, kamampuh biantara siswa kelas IX-D di SMP Negeri 29 Bandung taun ajar 2021/2022 jadi ngaronjat.

Ieu panalungtikan gunana atawa udaganana pikeun mikanyaho kamamapuh siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi, ogé pikeun mikanyaho aya béda atawa henteu sanggeus modél Artikulasi dilarapkeun dina pangajaran biantara. Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambah pangaweruh ngeunaan modél-modél pangajaran anu bisa digunakeun dina pangajaran biantara, bisa ogé dijadikeun référénsi ku para guru sangkan modél pangajaran anu digunakeun henteu éta-éta waé, tuluy pikeun mikanyaho cocog henteuna modél Artikulasi digunakeun dina prosés pangajaran.

Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Modél Artikulasi dina Pangajaran Biantara (Studi Kuasi Ékspérímén ka Siswa Kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajar 2022/2023)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang panalungtikan di luhur, aya sawatara idéntifikasi masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) basa anu digunakeun ku para siswa nalika biantara atawa nyarita masih kurang santun;
- 2) siswa can ngagunakeun kaédah basa anu hadé nalika biantara atawa nyarita; sarta
- 3) kurang variatifna guru dina ngagunakeun modél pangajaran, hususna modél Artikulasi anu kawilang jarang atawa can pernah digunakeun ku guru nalika prosés pangajaran, antukna loba guru atawa siswa anu kurang mikanyaho ngeunaan modél Artikulasi.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang panalungtikan jeung idéntifikasi masalah di luhur, aya sawatara masalah anu dirumuskeun dina wangun kalimah patalékan di handap.

- 1) Kumaha kamampuh biantara siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél Artikulasi?

- 2) Kumaha kamampuh biantara siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi?
- 3) Naha aya béda anu signifikan atawa henteu dina kamampuh biantara siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan téh miboga dua tujuan anu baris dihontal, nyaéta aya tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji jeung ngukur modél Artikulasi dina pangajaran biantara pikeun siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsiéun tilu hal, di antarana:

- 1) kamampuh biantara siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél Artikulasi;
- 2) kamampuh biantara siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi; sarta
- 3) béda anu signifikan antara kamampuh biantara siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahán pangaweruh, informasi, jeung référensi ngeunaan modél Artikulasi salaku sumber acuan pikeun panalungtikan satuluyna, hususna ngeunaan modél Artikulasi dina pangajaran biantara.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat, di antarana:

- 1) pikeun panalungtik, bisa méré pangaweruh ngeunaan kumaha prak-prakkan dina modél Artikulasi, jeung bisa mikanyaho kumaha pangaruh modél Artikulasi dina pangajaran biantara;
- 2) pikeun siswa, bisa ngaronjatkeun minat jeung kamampuh dina biantara;
- 3) pikeun guru, bisa méré gambaran atawa bahan référénsi ngeunaan modél Artikulasi dina pangajaran biantara; sarta
- 4) pikeun anu maca, bisa méré pangaweruh atawa nambahana informasi hususna ngeunaan modél Artikulasi dina pangajaran biantara.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dijieuun pikeun jadi panalungtikan kalawan sistematis dina wangun skripsi.

Bab I Bubuka, anu ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, anu ngawengku tiori modél pangajaran, tiori modél Artikulasi, tiori nyarita, biantara, sarta modél Artikulasi dina pangajaran biantara. Tuluy, aya panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

Bab III Métode Panalungtikan, anu ngawengku désain panalungtikan, data jeung sumber data, prosedur panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téknik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan, anu ngawengku kamampuh biantara siswa saméméh ngagunakeun modél Artikulasi, kamampuh biantara siswa sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi, bédha anu signifikan antara kamampuh biantara siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, anu ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi panalungtikan, jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan.